

X Oktòb, 2017

XXXXXX

XXXXXX

XXXXXX

Chè (name)

Egzansyon Pwojè swen SIDA (PAC) ke ou ladan ap chanje talè konsa. Lap chanje akòz chanjman ki gen nan lwa Florid la. Dat la pral depann de apwobasyon federal. Li espere rive bò 1er Janvyè, 2018. Avèk chanjman sa yo, ou pap pèdi kalifikasyon Medicaid ou. Sèvis ou pap sispann oubyen change pou kounya. Wap kontinye resevwa sèvis lakay ou ak nan kominote ou. Ou pap bezwen fè anyen oubyen chanje plan sante ou a akòz de chanjman sa.

Dosye nou di nou ke ou resevwa pou kounye a omwen youn nan sèvis sa yo nan men Egzansyon Pwojè swen SIDA:

- Jesyon Ka
- Masaj ki ka restore
- Ekipman medikal ak founiti espesyalize

Dosye nou di nou tou ke ou pa resevwa okenn lòt sèvis lakay ou ak nan kominote ou nan men Egzansyon Pwojè swen SIDA.

Kòmmanse 1er Janvyè, 2018 ou pral resevwa nenpòt sèvis jesyon Ka, masaj ki ka restore, ekipman medikal ak founiti espesyalize na men plan medikal ou a. Ou pral kontinye resevwa tou sèvis medikal, dantè, sante konpòtman, ak medikaman sou preskripsyon nan men plan Medicaid ke ou gen kounye a. Ou ka chwazi chanje plan sante pandan Anwolman Ouvri oubyen avèk on bon rezon. Oubyen tou, ou ka chwazi antre nan plan Kontwòl pou Asistans Medikal ki espesyalize pou SIDA a nenpòt moman.

Si ou gen kesyon sou lèt sa, oubyen ou ap resevwa plis sèvis nan men Egzansyon Pwojè swen SIDA ke twa sa yo nou site la, tanpri rele liy èd Medicaid la nan nimero 1-877-254-1055.

Sensèman,

Shevaun Harris
Assistant Deputy Secretary for
Medicaid Policy and Quality